Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE REDIKSYON NAN LANMÒ POUTÈT OVÈDÒZ OPYOYID NAN ETA NEW YORK DEPI 2009

Lanmò yo bese pa apeprè 16 pousan nan Eta New York andeyò Vil New York

Se mezi Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York la te rekòmande yo ki ede akonpli etap enpòtan sa a

Yo pibliye Rapò Trimestriyèl pa Konte Eta New York la epi li disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lanmò poutèt ovèdòz opyoyid pami rezidan yo nan Eta New York, andeyò Vil New York, te bese pa 15.9 pousan an 2018 konpare ak 2017, premye bès ki genyen depi 10 lane. Menm si prèske 2,000 moun te mouri trajikman poutèt ovèdòz opyoyid lane pase, bès la rete yon etap enpòtan epi li se rezilta plizyè mezi enèjik Gouvènè a te pran pandan plizyè ane ki sot pase yo pou lite kont akoutimans ak opyoyid.

Yo dekri mezi sa yo nan nouvo Rapò sou Pwogrè Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid la (Heroin and Opioid Task Force Progress Report) k ap bay detay sou twa lane travay ak amelyorasyon pou elaji ak amelyore sèvis ki gen pou objektif lite kont kriz opyoyid la. Yo te ratifye rekòmandasyon Gwoup Travay la te bay yo an 2016.

"Premye bès New York genyen nan lanmò poutèt ovèdòz opyoyid depi plis pase dis lane se yon etap enpòtan epi li demontre travay nou an nan lit kont fleyo mòtèl sa a ap mache", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Epi menm si New York pran mezi ki pi enèjik yo pou lite kont kriz opyoyid la pase tout lòt eta nan peyi an, epidemi opyoyid la kontinye ap devaste twòp fanmi epi nou p ap poze toutotan nou pa mete yon fen ladan yon fwa pou tout."

Malgre nouvèl sa yo ankourajan, nou dwe rete vijilan poutèt gen anpil kominote nan Eta a ki viktim epidemi opyoyid la yon fason demezire. Eta New York kontinye ap travay sou efò sible pou anpeche move itilizasyon ak ovèdòz opyoyid epi an menm tan amelyore sèvis pou moun ki gen pwoblèm konsomasyon opyoyid (opioid use disorder, OUD) epi fè sèvis sa yo vin pi disponib nan zòn ki gen plis bezwen yo.

Apre plizyè ane ogmantasyon lanmò poutèt ovèdòz opyoyid pami rezidan yo nan Eta New York, 2018 te finalman wè yon bès, soti nan 2,170 lanmò an 2017, pou rive nan 1,824 lanmò - yon bès 15.9 pousan - dapre done preliminè Depatman Sante (Health Department, DOH) Eta a ki kouvri zòn ki andeyò Vil New York. Anplis de sa, ospitalizasyon poutèt ovèdòz opyoyid te bese pa 7.1 pousan -- soti nan 3,260 an 2017 pou rive nan 3,029 an 2018. W ap jwenn kantite lanmò, ospitalizasyon poutèt ovèdòz ak

lòt done nan dènyè **Rapò Trimestriyèl sou Opyoyid pa Konte Eta New York la, ki disponib isit la.**

Pwogrè yo anonse jodi a se rezilta direk rekòmandasyon Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid Eta New York la (New York State Heroin and Opioid Task Force), ke Gouvènè Cuomo te konvoke an 2016. Gouvènè a te konvoke Gwoup Travay la ankò nan pwopozisyon li yo nan diskou sou Eta Leta 2019 li an. Avèk kòm Ko-Prezidan Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ak Komisè Biwo Sèvis ak Soutyen pou Akoutimans la (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Arlene González-Sánchez, Gwoup Travay la te pwopoze nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, pami yo sant dezentoksikasyon, fwaye pou lajenès, plis sèvis akonpayman, Sant yo pou Inovasyon nan Tretman (Centers of Treatment Innovation), tretman mobil, telesante ak sant ki ouvè 24 sou 24, 7 jou sou 7, ki ofri evalyasyon ak referans pou swen touswit. Depi lè sa a, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote toupatou atravè eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen pi pre kote yo ap viv la.

"New York ap redui lanmò poutèt ovèdòz yo pou premye fwa depi plizyè ane, epi menm si nou rekonèt gwo pwogrè nou fè a, nou konnen twò byen konsekans devastatè akoutimans ak opyoyid la toujou genyen sou fanmi ak kominote nou yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ko-prezidan Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid la, te deklare.** "Rapò sou Pwogrè Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nou an bay detay sou twa lane travay ak amelyorasyon pou lite kont kriz opyoyid la epi pwoteje ak sove lavi. Nou pran angajman kontinye travay sa a pou garanti tout sèvis ki gen pou wè avèk opyoyid yo rive kote yo plis bezwen yo epi pou mete yon fen nan epidemi sa a yon fwa pou tout."

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te deklare, "Sou direksyon Gouvènè Cuomo, nou fè gwo pwogrè nan lit kont akoutimans la, epi menm si nou rekonèt etap enpòtan sa a, menm yon sèl lanmò poutèt ovèdòz se youn ki twòp. Nou pral kontinye travay pou amelyore sante tout Nouyòkè epi redui to akoutimans ak konsomasyon opyoyid yo".

Komisè Biwo Sèvis ak Soutyen pou Akoutimans la, Arlene González-Sánchez te deklare, "Eta New York fè gwo efò nan lit la kont kriz opyoyid la dapre rekòmandasyon Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid Gouvènè Cuomo a. Gras a aplikasyon pwogram inovatè, nou bay plis aksè a tretman; amelyore ankadreman pou moun ki nan dezentoksikasyon yo; ogmante sansibilizasyon sou akoutimans ak ewoyin ak opyoyid; epi amelyore efò prevansyon yo nan tout eta a. Kòm gen plis travay ki pou fèt, nou pral kontinye pran mezi enèjik pou garanti Nouyòkè ki viktim maladi sa a jwenn pwoteksyon".

Rapò sou Pwogrè Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid la ajoute sou efò eta a te fè yo pou elabore yon plan global pou tout eta a pou soti nan sèk akoutimans a opyoyid la nan New York.

Pwen enpòtan yo nan rapò sou pwogrè a:

Ogmantasyon nan kapasite tretman toupatou nan Eta New York

- Depi 2016, eta a ajoute prèske 500 nouvo kabann tretman, epi plis pase 1,800 plas nan pwogram tretman opyoyid la (opioid treatment program, OTP).
- Depi li antre an fonksyon, Gouvènè Cuomo ap travay pou ofri plis sèvis tradisyonèl, sa gen ladan sèvis nan ka kriz ak pwogram tretman pou pasyan entèn, ekstèn ak rezidansyèl.

Ogmantasyon nan sèvis prevansyon, tretman, ak dezentoksikasyon nan kominote ki gen anpil bezwen gras a klinik mobil ak telesante.

- Sibvansyon Federal yo pou Entèvansyon Sible kont Opyoyid nan Eta a (Federal Opioid State Targeted Response Grants) ak Sibvansyon Eta a yo pou Entèvansyon kont Opyoyid (State Opioid Response Grants) finanse ogmantasyon nan sèvis prevansyon, tretman, ak dezentoksikasyon kote ki gen anpil bezwen yo.
- Finansman sa a pèmèt Eta New York ofri plis tretman nan zòn sa yo avèk plis sèvis akonpayman, tretman mobil, ak telesante, epitou sèvis prevansyon sible ak ankadreman pou dezentoksikasyon.

Entegrasyon sèvis Tretman Asiste ak Medikaman (Medication Assisted Treatment, MAT) pou pwoblèm konsomasyon opyoyid nan etablisman swen primè ak lopital.

- Mezi yo pou ogmangte preskripsyon MAT ede kontribye nan yon ogmantasyon pa prèske 47% nan kantite pasyan ki resevwa òdonans pou biprenòfin pou pwoblèm konsomasyon opyoyid ant 2012 ak 2018.

Ogmantasyon nan kantite sant dezentoksikasyon yo nan Eta New York, soti nan twa an 2016 pou rive nan trannde k ap fonksyone kounye a.

- Lane pase te gen prèske 32,000 moun ki te fè omwen yon vizit nan yon sant dezentoksikasyon nan New York.
- Sant dezentoksikasyon yo fè pati efò Gouvènè a ap fè yo kounye a pou okipe pwoblèm toksikomani yo nan Eta New York. Yo favorize retablisman alontèm lè yo pèmèt pèsonèl pwofesyonèl, konpayon ak benevòl yo angaje epi ankadre moun ki nan dezentoksikasyon yo.

Pami lòt pwen enpòtan yo genyen:

- Senplifikasyon kondisyon règlemantè yo ak piblikasyon konsèy medikal k ap soutni kòmansman MAT rapid, sa k ap pèmèt pasyan yo jwenn medikaman k ap sove lavi sa yo nan menm jou yo antre nan yon pwogram tretman.
- Plis sèvis prevansyon sa gen ladan edikasyon moun k ap ekri òdonans yo, limitasyon sou anpil òdonans opyoyid, kanpay sansibilizasyon elaji, ak soutyen pou kowalisyon ak kolaborasyon rejyonal yo ki envesti nan inisyativ prevansyon nan nivo lokal.

- Retire anpil nan baryè asirans yo k ap anpeche moun chèche tretman, sa gen ladan eliminasyon otorizasyon alavans nan men asirans la pou tretman pasyan entèn.
- Elajisman disponibilite medikaman naloksòn nan ki ranvèse ovèdòz gras a ogmantasyon kouvèti asirans pou medikaman an, sibvansyon kopeman, ak règleman ki egzije pou tout pwogram ki gen sètifikasyon OASAS yo kenbe naloksòn sou plas.
- Ogmantasyon nan kantite lopital nan eta a ki kòmanse MAT nan Depatman Ijans yo apre gerizon anba ovèdòz la.
- Distribisyon pi bon pratik OASAS/DOH yo mete ansanm pou itilizasyon biprenòfin pou trete OUD.
- Elajisman sant sante pou toksikomàn yo.

Rapò konplè sou Pwogrè Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid la disponib isit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU